



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO AP DEVLOPE PLAN POU PÈMÈ FANATIK
YO ASISTE PREMYE MATCH ELIMINATWA ADOMISIL BUFFALO BILLS LA DEPI
PLIS PASE DE DESENI**

Selon Plan yo pwopoze a, yo ta pèmèt 6,700 fanatik asiste match la

*Admisyon an pral depan de rezilta tèz negatif; y ap retrase kontak yo apre sa—
New York pral premye Eta nan nasyon an ki egzije mezi sa yo*

Li rete entèdi pou swiv moun ki devan w lan twò pre

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo ap devlope plan aktyèlman pou pèmèt fanatik yo asiste premye match eliminatwa adomisil Buffalo Bills la depi plis pase de deseni anba pwotokòl COVID-19 estrik. Daprè pwopozisyon an, ki ap devlope an kolaborasyon ant Bills ak Eta New York, fanatik ki ap patisipe yo ta dwe oblije resewva yon rezilta tèz COVID-19 negatif anvan yo pèmèt yo antre nan estad la. Yo pral retrase kontak yo tou apre match la. Si yo aplike li, plan sa a ta ka sèvi kòm yon modèl pou re-ouvri espas lwazi yo atravè New York.

"Nouyòkè yo ekstrèmman fyè de Buffalo Bills epi ak premye match eliminatwa adomisil yo depi plis pase 20 ane k ap vini nan kèk semèn sèlman, n ap travay sere ak ekip la pou devlope yon plan pou pèmèt yon kantite fanatik limite asiste match la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Non sèlman direktiv estrik pou distans sosyal ak mask ta dwe an vigè, men dapre pwopozisyon aktyèl la, sa a t ap premye estad nan peyi a ki mande pou tout fanatik yo genyen yon tèz COVID-19 negatif anvan yo antre. Si yo ka jwenn yon akò final epi plan an fonksyone, sa ta ka sèvi tou kòm yon modèl pou re-ouvri lòt espas lwazi yo toupatou nan eta a. Fanatik Bills yo t ap tann pandan dè deseni pou yon lòt match eliminatwa adomisil epi apre yon ane konplike konsa a, yo merite opòtinite pou yo kapab sipòte ekip yo an pèsòn, toutotan ke li ka fèt san danje. Ale Bills!"

Dapre plan Bills soumèt bay eta a, anplwaye ekip la yo pral kontwole tout pwen sòti ak antre nan estad la epi se sèlman fanatik ki gen yon tèz COVID-19 negatif ki dokimante ke yo ta dwe pèmèt antre anndan. Pou fasilite tèz anvan match la, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta ka fasilite deplwaman resous tèz rapid yo. Si yo aplike li, sa a t ap premye plan re-ouvèti estad nan nasyon an ki mande pou fè tèz ak retrase kontak.

Yon fwa ke yo andedan estad la, yo ta dwe egzije fanatik yo mete yon mask tout tan epi yo ta dwe konfòme yo ak pwotokòl distans sosyal estrik. Pèsonèl sekirite Bills la ta dwe retire fanatik ki refize konfòme yo ak pwotokòl sa yo nan estad la. Pral gen plasye ki prezan tou nan tout estad la pou asire tout fanatik yo an konfòmite. Kòm yon pati nan etid eta a, pèsonèl nan Depatman Sante a deja vwayaje nan lòt estad andeyò New York kote yo mete an plas pwotokòl parèy pou konfime efikasite yo.

Swiv moun ki devan w lan twò pre ta rete entèdi selon plan sa a epi yo ap raple Nouyòkè yo pou evite rasanbleman ak fèt yo anvan, pandan ak apre match la pliske evènman sa yo se lye pwopagasyon viris prensipal yo ye.

###

Lòt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)